Admisyon Pre-Kindergarten (Pre-K) pou timoun ki gen yon plan edikasyon endividyèl *Individualized Education Programs* (IEPs)

Tout fanmi ki gen timoun ki fèt an 2012 ki abite nan Vil Nouyòk ladan elèv ki gen andikap, ka aplike nan pwogram pre-K pou ane lekòl 2016-2017 la.

Si pitit ou a gen yon IEP, enskripsyon l nan yon pwogram pre-K ap fèt dapre rekòmandasyon ki nan IEP a. **Pou w konnen rekòmandasyon ki nan IEP pitit ou a**, gade seksyon ki make "Pwogram ak sèvis edikasyon espesyal "ki nan IEP l la.

Timoun yo rekòmande pou sèvis pwofesè vizitè edikasyon espesyal *Special Education Itinerant Teacher* (SEIT) ak/oswa lòt sèvis ki mache avèk edikasyon espesyal:

Pitit ou a elijib pou resevwa sèvis nan pwogram pre-K edikasyon jeneral Depatman Edikasyon Vil Nouyòk New York City Department od Education (NYCDOE), kidonk li ta dwe aplike nan pwosesis admisyon pou pre-K a pou li ka jwenn yon plas.

Timoun yo rekòmande pou klas espesyal oswa pou klas espesyal nan yon anviwònman entegre *Integrated Setting*:

Ou ta dwe travay avèk Komite sou edikasyon espesyal *Committee on Special Education* (CPSE) ou a pou jwenn yon plas ki apwopriye nan yon pwogram edikasyon espesyal preskolè.

Pou jwenn CPSE w la, ale sou http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/Help/Contacts/CSECPSE oswa gade nan do feyè sa a. Biwo regyonal CPSE yo sèvi fanmi nan **distri lekòl ki pa yo**, kèlkeswa kote yon timoun ale nan lekòl pre-K.

Ou ka chwazi aplike nan yon pwogram edikasyon jeneral si:

- CPSE a evalye pitit ou a yon lòt fwa epi nouvo rekòmandasyon ki nan IEP a se SEIT ak/oswa lòt sèvis ki mache avèk edikasyon espesyal *Related Services*; oswa
- Ou ta renmen pitit ou a ale nan yon pwogram edikasyon jeneral pre-k avan oswa apre pwogram edikasyon espesyal li (tout jounen oswa demi jounen). Kontakte Division of Early Childhood Education nan NYCDOE (prekfamilyengagement@schools.nyc.gov oswa 212-374-0351) pou plis enfòmasyon sou patisipasyon nan yon pwogram edikasyon jeneral pre-k.

Ou fèk antre nan edikasyon espesyal?

Sèvis edikasyon espesyal yo disponib pou timoun preskolè ki gen andikap oswa reta nan devlopman ki ka afekte aprantisaj. Voye yon demann alekri ba CPSE pou yo evalye pitit ou a yon lòt fwa. Si yo jwenn pitit ou a elijib, CPSE a pral travay avèk ou pou kreye yon IEP. Pou plis enfòmasyon, kontakte CPSE ki nan distri w la. Ale sou http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/Help/Contacts/CSECPSE oswa gade nan do feyè sa a.

Fanmi ka aplike pou Pre-K, 25 janvye rive 4 mas, nan youn nan twa fason sa yo:

- **Sou entènèt** nan nyc.gov/prek (disponib nan 10 lang)
- **Pa telefòn**: 718-935-2067
- **Anpèsòn** nan yon Sant byenveni pou fanmi *Family Welcome Center* (jwenn adrès yo nan nyc.gov/schools/welcomecenters)

Ale nan paj admisyon pou Pre-K a (nyc.gov/prek) pou jwenn enfòmasyon sou pwosesis aplikasyon an epi li anyè Pre-K a.
Ale nan *Pre-K Finder* (maps.nyc.gov/upk) epi tape adrès ou pou jwenn pwogram ki nan zòn ou an.
Voye yon imèl nan ESenrollment@schools.nyc.gov oswa rele nan 718-935-2009 si w gen kesyon oswa enkyetid.

Fason pou kontakte Komite Edikasyon espesyal pou lekòl segondè *Committee on preschool Special Education* (CPSE)

CPSE a responsab pou koòdone evalyasyon ak sèvis edikasyon espesyal pou timoun preskolè ki gen laj 3 rive 5 lane. Biwo rejyonal CPSE yo sèvi fanmi nan distri lekòl pa yo oswa nan distri lekòl kote yon fanmi abite, kèlkeswa kote pitit yo ale lekòl.

Si w pa konnen nan ki distri lekòl ou abite, rele 311 oswa itilize *School Search* http://schools.nyc.gov/schoolsearch/.

CSE	Distri	Adrès	Telefòn/ Faks	Faks	Jan pou kontakte nou
1	7,9,10	One Fordham Plaza,7th Floor Bronx, NY 10458	(718) 329-8001	(718) 741-7928/7929	Steven Birkeland
2	8,11,12	3450 East Tremont Avenue, 2nd Floor Bronx, NY 10465	(718) 794-7429 Panyòl: (718) 794-7490	(718) 794-7445	Trisha DeVito
3	25, 26	30-48 Linden Place Flushing, NY 11354	(718) 281-3461	(718) 281-3478	Esther Morell
	28, 29	90-27 Sutphin Boulevard Jamaica, NY 11435	(718) 557-2553	(718) 557-2620/2510	Esther Morell
4	24, 30	28-11 Queens Plaza North, 5th Floor Long Island City, NY 11101	(718) 391-8405	(718) 391-8556	Chris Cinicola
	27	82-01 Rockaway Boulevard, 2nd Floor Ozone Park, NY 11416	(718) 642-5715	(718) 642-5891	Chris Cinicola
5	19,23,32	1665 St. Marks Avenue Brooklyn, NY 11233	(718) 240-3557/3558	(718) 240-3555	Geraldine Beauvil
6	17,18,22	5619 Flatlands Avenue Brooklyn, NY 11234	(718) 968-6200	(718) 968-6253	Arlene Rosenstock
7	20,21	415 89th Street Brooklyn, NY 11209	(718) 759-4900	(718) 759-4970	Amine Haddad
	31	715 Ocean Terrace, Building A Staten Island, NY 10301	(718) 420-5790	(718) 420-5787	Amine Haddad
8	13,14,15, 16	131 Livingston Street, 4th Floor Brooklyn, NY 11201	(718) 935-4900	(718) 935-5167	Cherry Kang
9	1,2,4	333 7th Avenue, 4th Floor New York, NY 10001	(917) 339-1600	(917) 339-1450	Nicholas Chavarria
10	3,5,6	388 West 125th Street New York, NY 10027	(212) 342-8300	(212) 342-8427	Jane O'Connor